**दिन—बुधबार** **दिनांक—13.08.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

सर्वोच्च न्यायालय मे मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण एसआईआर के लऽकऽ दायर याचिका सभ पर आइ सेहो सुनवाई जारी **रहल**। न्यायमूर्ति सुर्यकान्त आ न्यायमूर्ति जॉयमाल्या बागची के पीठ सुनवाई के दरमियान कहलक जे एसआईआर मतदाता हितैषी अछि। पीठ जनौलक जे एहि पूरा प्रक्रियाक एकमात्र उद्देश्य मतदाता सूची के त्रुटिहीन बनायब अछि। ध्यातव्य अछि जे काल्हुक सुनावाई के दरमियान न्यायालय कहने छल जे आधारकार्ड के नागरिकता के प्रमाण पत्रक रूप मे स्वीकार नहि कयल जा सकैत अछि।

---

प्रदेश मे मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण अभियानक दोसर चरणक अंतर्गत तेरह दिनक बाद सेहो कोनो राजनीतिक दल मतदाता सूचीक प्रारूप पर दावा—आपत्ति दर्ज नहि करौलक अछि। निर्वाचन आयोगक विज्ञप्ति मे कहल गेल अछि जे आम मतदाताक दिस सँ सत्रह हजार छओ सय पैंसठि दावा आपत्ति दर्ज कराओल गेल अछि। एहि मे चारि सय चौवनक निष्पादन कऽ देल गेल अछि। ओतहि, चौहत्तरि हजार पांच सय पच्चीस लोक सभ मतदाताक रूप मे पंजीकरणक लेल अपन आवेदन जमा करौलनि अछि।

---

राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव एसआईआर के लऽकऽ चुनाव आयोग आ भाजपा पर गंभीर आरोप लगौलनि अछि। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे श्री यादव कहलनि जे आब गुजरातक लोक बिहारक मतदाता बनि गेलाह अछि। ओ जनौलनि जे भाजपाक बिहार प्रभारी भीखूभाई दलसानिया जे मूल रूप सँ गुजरातक छथि आब पटनाक वोटर बनि गेलाह अछि। ओ दावा कयलनि जे मुजफ्फरपुर नगर निगमक मेयर आ भाजपा नेता निर्मला देवी के एक्कहि विधानसभा क्षेत्र मे दू वोटर आईडी कार्ड अछि जाहि मे हुनक उम्र सेहो अलग—अलग दर्ज अछि। एहि मध्य भाजपाक वरिष्ठ नेता आ उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि जे राजद नेता लऽग आब कोनो मुद्दा नहि बांचल अछि। ओ संवैधानिक पद पर बैसि कऽ लोक सभ के भ्रमित कऽ रहलाह अछि।

———————————————————————————————————

राज्य सरकार जे.पी सेनानी सभक पेंशन राशि दुगूना कऽ देलक अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के अध्यक्षता मे राज्य मंत्रिमंडलक बैसक मे एहि आशयक प्रस्ताव के स्वीकृति देल गेल। कैबिनेट विभागक अपर मुख्य सचिव डॉक्टर एस. सिद्धार्थ जनौलनि जे लोकनायक जयप्राकश नारायण के नेतृत्व मे भेल आंदोलनक ओहि समय छओ मास धरि जेल मे बंद रहयबला सेनानी सभ के आब साढ़े सात हजार टाकाक स्थान पर पंद्रह हजार टाका पेंशन भेटत। ओतहि, छओ मास सँ बेसी काल धरि जेल मे रहयबला सेनानि सभ के पंद्रह हजार टाकाक स्थान पर तीस हजार टाका पेंशन भेटत। डॉक्टर सिद्धार्थ जनौलनि जे कैबिनेट बूथ लेवल अधिकारी, बीएलओ के पारिश्रमिक दस हजार टाका सँ बढ़ा कऽ चौदह हजार टाका आ बीएलओ सुपरवाईजर के पारिश्रमिक पंद्रह हजार टाका सँ बढ़ा कऽ अठारह हजार टाका करबाक प्रस्ताव के सेहो स्वीकृति देलक अछि। अपर मुख्य सचिव जनौलनि जे मंत्रिमंडल बेगूसराय, पटना, गोपालगंज, सीवान आ सहरसा जिला मे नव औद्योगिक क्षेत्र के गठनक प्रस्ताव के सेहो स्वीकृति देलक अछि।

———————————————————————————————————

प्रदेशक दस जिला चौवन प्रखंडक तीन सय अड़तालीस पंचायतक लगभग सत्ताईस लाखक आबादी बाढ़ि सँ प्रभावित अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ वीडियो कॉन्फ्रेंस के माध्यम सँ बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र मे कयल जा रहल राहत आ बचाव काजक समीक्षा कयलनि। श्री कुमार अधिकारी सभ के राहत आ बचाव काज मे शीघ्रता आनब आ बाढ़ि प्रभावित सभक मध्य अनुग्रह राशिक शीघ्रहिं भुगतान करबाक निर्देश देलनि। मुख्यमंत्री फसिलक भेल क्षति के लऽकऽ किसान लोकनिक मध्य सहायता राशि भुगतान करब आ क्षतिग्रस्त सड़कक मरम्मति करेबाक सेहो निर्देश देलनि।

———————————————————————————————————

प्रदेशक अधिकतर भाग मे आइ भोरहि सँ वर्षाक क्रम जारी अछि। खगड़िया मे रिकॉर्ड दू सय छओ मिलीमीटर वर्षा दर्ज कयल गेल। ओतहि, मानसी मे एक सय अट्ठासी दशमलव छओ मिलीमीटर वर्ष रिकॉर्ड कयल गेल। पटना मे सेहो मूसलाधार वर्षा भेल अछि। एम्हर, मौसम विभाग आइ सुपौल, अररिया आ किशनगंज जिला मे किछु स्थान पर अत्याधिक भारी वर्षाक चेतावनी जारी कयलक अछि। एहि के लऽकऽ रेड अलर्ट जारी कयल गेल अछि।

———————————————————————————————————

प्रवर्तन निदेशालयक टीम मुजफ्फरपुर जिलाक सकरा प्रखंडक विष्णुपुर बघनगरी पंचायतक मुखिया बबीता कुमारी के घर पर शराब तस्करी सँ अर्जित काला धन के मामिला मे छापामारी कयलक अछि।

---

समाप्त